

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik nu aya dina upacara nyiramkeun pusaka karajaan Talaga Manggung dilaksanakeun lantaran tujuan tina ieu upacara bisa kagambar tina unsur sémiotikna. Lian ti éta ieu panalungtikan pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna upacara nyiramkeun, unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun, pikeun nambahana pangaweruh, jeung pikeun ngamumulé budaya nu aya di sabudeureun panalungtik.

Pikeun nyangking data ngeunaaan unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun, panalungtik ngagunakeun tiori sémiotik modél Peirce. Éta modél Peirce ngabagi sémiotik jadi tilu unsur, nya éta ikon, indéks, jeung simbol. Métodé anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kualitatif, nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun atawa ngajéntrékeun unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun nu aya dina waktu lumangsungna upacara nyiramkeun, prak-prakan upacara nyiramkeun, kalengkepan upacara nyiramkeun, jeung dina sasajén upacara nyiramkeun anu miboga harti séwang-séwangan, sangkan kaguar harti jeung tujuan diayakeun upacara nyiramkeun.

Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan ngagambarkeun ngeunaan: déskripsi upacara nyiramkeun kaasup di jerona sajarah upacara, lumangsungna upacara nyiramkeun, unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun, jeung hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran di SMA kelas XII.

1) Déskripsi jeung sajarah upacara nyiramkeun

Sajarah upacara dimimitian ku ayana karajaan Talaga Manggung anu ngadeg taun 1371 M di daerah suku Gunung Ciremai. Lantaran barang-barang tittinggal karajaan Manggung anu nepi ka danget ieu masih aya di museum Talaga Manggung perlu dipiara jeung dimumulé, mangka diayakeun upacara nyiramkeun pusaka karajaan Talaga Manggung. Ieu upacara dilaksanakeun unggal poé Senén tanggal welasan ahir bulan Safar. Éta waktu upacara patali

jeung waktu robahna karajaan Talaga Manggung ti karajaan Budha, jadi karajaan Islam ku diisalamkeunna Radén Panglurah jeung garwana Ratu Parung Sunyalarang ku Sunan Gunung Jati Cirebon.

2) Lumangsungna upacara nyiramkeun

Lumangsungna upacara nyiramkeun kabagi jadi tilu, nya éta saméméh upacara, prak-prakan upacara, jeung sabada upacara. Saméméh upacara nyiramkeun, sapoé saméméhna aya prosési ngala cai ti tujuh cinyusu anu geus ditangtukeun. Ka dieunakeun, pikeun kapentingan pariwisata, dina sapoé saméméh upacara ogé sok diayakeun péntas seni budaya anu pamilonna siswa-siswa sa-kabupaten Majalengka. Dina malem Senénna sok diayakeun hadoroh anu mangrupa kagiatan macakeun du'a ka karuhun anu tujuanna ménta idin sangkan prosési upacara lumangsung kalayan lungsur-langsar. Salian ti éta isuk-isuk saméméh dilaksanakeunna upacara nyiramkeun, diayakeun kirab barang pusaka. Acara inti dina upacara nyiramkeun nya éta nyampurkeun cai ti tujuh cinyusu jeung kembang sataman. Satuluyna dilaksanakeun prosési nyiramkeun atawa ngamandian barang-barang titinggal karajaan Talaga Manggung. Ieu prosési nyiramkeun dilaksanakeun di tilu tempat, nya éta: di buruan museum Talaga Manggung salaku tempat nyiramkeun arca Radén Panglurah jeung mahkota karajaan Talaga Manggung; di jero museum Talaga Manggung salaku tempat nyiramkeun arca Ratu Déwi Simbarkancana; jeung di tukangeun museum Talaga Manggung salaku tempat nyiramkeun pakakas titinggal karajaan Talaga Manggung saperti keris, tumbak, baju keré, jsb. Dina masing-masing tempat nyiramkeun aya sasajén anu kudu aya pikeun sarat. Ieu acara dipungkas ku do'a, tuluy masarakat marebutkeun cai urut nyiramkeun barang-barang pusaka, ogé sayur-sayuran anu jadi kalengkepan dina ieu upacara.

3) Unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun

Data nu mangrupa tempat upacara nyiramkeun, waktu upacara nyiramkeun, jeung sasajén dianalisis dumasar sémiotik modél Peirce, nu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Dumasar hasil analisis kapanggih aya 54 unsur sémiotik, nu ngawengku 5 ikon, 9 indéks, jeung 40 simbol. Unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun aya dina tempat upacara nyiramkeun, waktu lumangsungna upacara

nyirmakeun, prak-prakan upacara nyiramkeun, kalengkepan upacara nyiramkeun, jeung sasajén upacara nyiramkeun, anu miboga harti séwang-séwangan. Ikon anu kapaluruh tina tempat upacara nyiramkeun, kalengkepan jeung jalma nu ilubiung dina ieu upacara, indéks aya dina waktu lumangsungna jeung prak-prakan upacara nyiramkeun. Ari simbol lolobana aya dina prak-prakan jeung sasajén. Pakakas anu digunakeun dina upacara nyiramkeun diantarana awi haur konéng anu dicocokan ku daun hanjuang, karéta kancana, cai ti tujuh cinyusu, gentong taneuh, jeruk nipis, jsb. Lian ti éta, dina simbol-simbol dina upacara nyiramkeun aya dina sasajén, diantarana congcot konéng eusi daging hayam, congcot puncak manik, leupeut ketan, tangtang angin, perekedel daging embé, sangu ketan beureum, sangu ketan bodas, cikopi amis, cikopi pait, cai entéh amis, cai entéh pait, cai hérang, duwegan ditanceban dupa, surutu, jsb. Éta unsur sémiotik nu aya dina kalengkepan upacara nyiramkeun miboga harti séwang-séwangan.

- 4) Hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII

Hasil panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun di Désa Talaga Wétan Kacamatan Talaga Kabupatén Majalengka bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA. Lantaran dina simbol-simbol nu aya dina upacara nyiramkeun miboga harti jeung ma'na pikeun kahirupan urang Sunda.

5.2 Saran

Sanggeus ditalungtik loba pisan mangpaat tina upacara nyiramkeun, boh keur nu nyusun boh keur masarakat Désa Talaga Wétan. Panalungtik bisa mikawanoh unsur sémiotik dina upacara nyiramkeun. Lian ti éta panalungtik bisa mikawanoh sajarah upacara nyiramkeun jeung kumaha prak-prakan upacara nyiramkeun. Sangkan ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun aya sababaraha saran nu ditujukeun ka masarakat, guru, jeung siswa.

- 1) Masarakat, dipiharep leuwih reueus kana kabudayaan nu aya di sabudeureunana. Lian ti éta, masarakat Sunda dipiharep babarengan ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan nu aya di tatar Sunda, sangkan tetep hirup jeung teu éléh ku jaman.

- 2) Guru, dipiharep bisa nambahana pangaweruh pikeun ngamekarkeun bahan pangajaran maca. Salah sahijina ku cara ngasupkeun simbol-simbol dina upacara nyiramkeun jadi bahan pangajaran.
- 3) Siswa, dipiharep bisa mikawanoh upacara adat nu aya di sabudeureunana jeung maham kana simbol-simbol dina upacara adat Sunda; jeung
- 4) Panalungtik séjén, dipiharep ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan upacara nyiramkeun dina babagan nu séjén, sangkan panalungtikan ngeunaan upacara nyiramkeun bisa leuwih euyeub.